

Investisman nan edikasyon siperyè ak 446yèm sesyon lejislatif la 1ye me 2024

Chè Kominote Inivèsite Maryland,

Asanble Jeneral Maryland lan te mete fen nan 446yèm sesyon lejislatif li a, epi nou santi nou ankouraje anpil lè nou wè gen yon angajman solid epi ki kontinyèl pou inisyativ ak enfrastrikti edikasyon siperyè menm si gen yon sityasyon finansye ki difisil.

Nou rekonesan dèske alokasyon bidjè pou ane fiskal 2025 nou an pral genyen yon ajisteman pri lavi a ("cost-of-living adjustment, COLA") ak yon fon ki la pou rekonpanse anplwaye nou yo selon pèfòmans endividyèl yo. Sa a pral fè sizyèm ane youn apre lòt kote yo toujou ogmante salè yo. Sa a reprezante yon angajman kontinyèl pou envesti nan anplwaye nou yo. Depatman Resouzimèn pral fè swivi ak konsèy espesifik konsènan COLA ak ogmantasyon salè selon pèfòmans anplwaye yo.

Nou pral kontinye ak efò nou yo nan itilize teknoloji nouvel jenerasyon pou amelyore lavi tout moun Maryland. Asanble Jeneral la te ratifye Pwojè Lwa 376 Sena a. Senatè Nancy King te patwone l epi Delege Jared Solomon te depoze l. Pwojè Lwa sa a pral bay \$15 milyon dola sou senk ane k ap vini yo epi après \$6 milyon dola chak ane pou Institute for Health Computing (IHC), ki se yon kolaborasyon pou transfòmasyon atravè patenarya estratejik MPowering the State. IHC, ki nan North Bethesda, pral pran devan nan pwofite pwogrè nan entelijans atifisyèl ak enfòmatrik pou l pi byen fè dyagnostik, fè prevansyon, epi trete maladi nan pasyan atravè eta a.

Nan sa a ki gen pou wè ak bidjè investisman an, nou te resevwa \$71.42 milyon dola pou bilding jeni entèdisiplinè Stanley R. Zupnik Hall la; \$12.5 milyon dola pou amelyore enfrastrikti ki pi enpòtan nou an epi reponn ak bezwen antretyen kontinyèl yo; ak \$5 milyon pou nouvo lojman ki bon mache pou etidyan gradye yo.

Asanble Jeneral la te bay finansman pou priyorite inivèsite yo tankou rezo estasyon metewo Maryland Mesonet la; pwogram Partnership for Action Learning in Sustainability (PALS) ak otorite lokal yo; ak inisyativ Engineering for US All (e4usa) pou mete kourikoulòm jeni nan lekòl segondè. Epitou yo te adopte Pwojè Lwa 960 Sena a, ki tabli Climate Technology Founder's Fund (Fon pou Fondatè Teknoloji Klima a) nan Maryland Clean Energy Center (Sant pou Enèji Pwòp Maryland).

Anjeneral alokasyon bidjè ki soti nan eta a pral ogmante nan ane fiskal 2025 lan akòz alokasyon pou COLA ak pou pèfòmans lan. Epi an menm tan, presyon bidjè nan nivo eta a te lakòz yon diminisyon \$28 milyon nan bidjè operasyonèl la. Pou nou abòde pwoblèm diminisyon bidjè sa a, nou pa fè rekritman anplwaye pou pòs ki vid yo. Epi n ap fè anpil efò pou nou limite konsekans ajisteman bidjè sa yo yon fason ki pi efikas epi ki pi ekitab posib.

Nou kontinye rekonesan anvè Gouvènè Wes Moore, Prezidan Chanm Depite a, Adrienne Jones, Prezidan Sena a, Bill Ferguson, ak Asanble Jeneral la pou angajman kontinyèl yo nan edikasyon siperyè. Travay University of Maryland rete enpòtan anpil pou fè ekonomi eta nou an avanse ak inovasyon, antreprenarya, ak anplwaye ki resevwa fòmasyon pou fè fas ak gwo defi epòk nou an.

Mwen ta renmen remèsye tout manm kominote nou yo ki sou kanpis la ak sa yo ki pa sou kanpis la ki te defann inivèsite nou an nan Annapolis, tankou responsab USM yo; pwofesè, anplwaye, etidyan ak administratè yo; Asosyasyon ansyen etidyan nou an; ak Konsèy Administrasyon Fondasyon UMCP nou an. Epitou mwen ta renmen remèsye yon fason espesyal Ross Stern, Direktè Egzekitif Relasyon Gouvènman an, ak ekip Virginia Meehan li a, Molly McKee-Seabrook ak Amina DeHarde. Okenn nan bagay sa yo pa t ap posib san travay san pran souf yo pou pataje enfòmasyon alè epi ki egzat, kote yo toujou ap defann kanpis nou an ak kominote li a.

Nou espere semès akademik sa a ap byen fini epi n ap kontinye avèk angajman nou pou nou fè Maryland avanse ak tout fòs nou.

Avèk anpil senserite,

A handwritten signature in black ink, reading "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name "Darryll" being more prominent and the last name "Pines" following in a similar style.

Darryll J. Pines
Prezidan, Inivèsite Maryland

Avèk anpil senserite,

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland